

Bronx ak Staten Island

Morrisania Chest Center 1309 Fulton Avenue, Room 225, Bronx
Phone 718-901-6536 / 718-901-6538

Richmond Chest Center 51 Stuyvesant Place, Room 408, Staten Island
Phone 718-983-4525 / 718-983-4526

Brooklyn

Bedford Chest Center 485 Throop Avenue
Phone 718-574-2462 / 718-574-2463

Brownsville Chest Center 259 Bristol Street
Phone 718-495-7258 / 718-495-7256

Bushwick Chest Center 335 Central Avenue
Phone 718-573-4886 / 718-573-4889

Fort Greene Chest Center 295 Flatbush Avenue Extension
Phone 718-643-8357 / 718-643-6551

Manhattan

Chelsea Chest Center 303 Ninth Avenue
Phone 212-239-0919 / 212-239-1757

Washington Heights Chest Center 600 W. 168th Street, 3rd Floor
Phone 212-368-4500

Queens

Corona Chest Center 34-33 Junction Blvd
Phone 718-476-7635 / 718-476-7636

Far Rockaway Chest Center 67-10 Rockaway Beach Blvd, Room 201
Phone 718-474-2100 / 718-474-2101



New York City Department of Health & Mental Hygiene
Depatman Lasante ak Liyèn Mantal Lavil Nouyòk
Biwò Kontwòl Tibèkiloz



Sa W Bezwen
Konnen
Konsènan
TIBÈKILOZ

Sant Maladi Pwatin Pa M Nan

Telefòn:

Direksyon:

Lè:


Lòt:

Li Enpòtan Pou Fè Konsiltasyon Chak Mwa

Ou dwe vini nan klinik la pou:

- ✓ Pran kantite medikaman pou mwa pwochen an
- ✓ Asire w ou pa genyen okenn lòt efè sou kote
- ✓ Poze nenpòt kesyon ou genyen

Nenpòt moun kapab contacté TB



Kisa Tibèkiloz (TB) la ye?

Tibèkiloz se yon maladi grav ki andonmaje poumon w. Sepandan, ou kapab prevni Tibèkiloz avèk tretman. Tibèkiloz kapab geri tou.

Kijan jèm tibèkiloz (TB) la simaye?

Jèm Tibèkiloz simaye nan lè. Si w pase anpil tan ak yon moun ki TB, ou kapab respire jèm Tibèkiloz. Sa rive lè moun nan touse, estènye, pale, oubyen ri.

Jèm Tibèkiloz simaye nan lè sèlman. Yo pa transmèt lè w bay lanmen oubyen lè w sèvi ak menm vè oubyen fouchèt moun ki TB a. Yo pa simaye lè w chita sou yon chèz twalèt oubyen si w kouche sou kabann yon moun ki TB. Se lè w respire jèm Tibèkiloz la li kapab antre nan kò w.

Kisa Ki Rive Lè Yon Moun Gen Tibèkiloz?

Lè ou fèk respire jèm tibèkiloz nan poumon, kò w bati yon mi toutotou jèm yo pou l ka pwoteje w. Sa fè jèm yo al "dòm" epi bloke yo pou yo pa kontinye andomaje kò w. Jèm Tibèkiloz k'ap dòmi yo rele "Tibèkiloz inaktif," e moun ki gen tibèkiloz inaktif, yo di yo fè **enfeksyon Tibèkiloz inaktif**. Jèm Tibèkiloz inaktif kapab rete ap dòmi pou lontan, pafwa pou tout yon vi. Moun ki gen Tibèkiloz inaktif p'ap santi yo malad. Yo pa kapab simaye Tibèkiloz bay lòt moun.

Sepandan, pafwa jèm Tibèkiloz yo "reveye" epi kò w pa ka pwoteje w. Lè sa rive, ou genyen **Maladi Tibèkiloz Aktif**. Sa ka fè w santi w malad anpil. Ou kapab transmèt Tibèkiloz bay lòt moun tou.

Moun ki genyen Tibèkiloz aktif kapab genyen sentòm sa yo:

- ✓ Touse pou 3 semèn ou plis
- ✓ Swe lannuit
- ✓ Santi fatig tout tan
- ✓ Lafyèu oubyen frison
- ✓ Pèdi pwa
- ✓ Pèdi apeti

Èske genyen yon Tès pou Tibèkiloz?

Wi. Genyen yon tès Tibèkiloz senp yo fè nan po w nan klinik ou a. De oubyen 3 jou apre tès po a, ou dwe retounen nan klinik la. Yon travayè sante ap tcheke bra w. Si tès la "negatif," li posib ou pa genyen Tibèkiloz.

Si tès la "pozitif," ou pral bezwen yon radyografi pwatrin ou. Li pral montre si jèm Tibèkiloz yo ap dòmi oubyen si yo reveye. Si jèm yo ap dòmi, ou genyen Tibèkiloz inaktif. Si jèm yo reveye, li posib ou genyen Tibèkiloz aktif epi ou pral bezwen yon egzamen medikal.

Èske mwen dwe fè tès Tibèkiloz nan po a?

Sa depan. Kèk moun genyen yon pi gwo risk pou yo pran Tibèkiloz. Yo dwe fè yon tès po. Pi souvan, kèk lòt moun pa bezwen tès po.

Ou dwe fè yon tès po si:

- ✓ Ou genyen sentòm Tibèkiloz aktif
- ✓ Ou te pase lontan bò kote yon moun ki genyen Tibèkiloz aktif
- ✓ Ou pa genyen lontan depi w soti nan yon peyi ki genyen yon to Tibèkiloz elve
- ✓ Ou genyen kèk maladi tankou sik oubyen maladi ren kwonik
- ✓ W ap viv oubyen w ap travay nan yon prizon, kay pou moun ki san kay, oubyen kèk lòt kote ki genyen gwoup
- ✓ Ou genyen SIDA

E si mwen te pran vaksen BCG?

Vaksen BCG pa toujou pwoteje moun kont Tibèkiloz. Moun ki te pran vaksen BCG kapab genyen Tibèkiloz inaktif oubyen Tibèkiloz aktif. Di doktè w la si w te pran vaksen BCG. Ou kapab toujou bezwen tretman.

Tibèkiloz Kapab Trete

Èske Tibèkiloz aktif kapab trete?

Wi. Tibèkiloz aktif kapab trete ak medikaman. Si w genyen Tibèkiloz aktif, ou dwe pran medikaman w omwen pou 6 mwa. Depatman Lasante ofri yon pwogram yo rele DOT (tretman pa obsèvasyon dirèk: directly observed therapy). DOT fè lè w ap pran medikaman sa vin pi fasil.

Poukisa mwen bezwen pran medikaman kont Tibèkiloz pou lontan?

Sèl fason pou w trete Tibèkiloz aktif se lè w pran tout medikaman w yo pou 6 mwa. Pran pasyans, jèm Tibèkiloz pran lontan pou yo mouri. Menm si w santi w byen apre kèk semèn, ou dwe kontinye pran medikaman w. Si w pa pran l', ou pral sispann santi w byen. Ou kapab menm vin pi malad.

Si m' pran medikaman kont Tibèkiloz èske m' ka toujou simaye jèm Tibèkiloz?

Non. Apre kèk semèn tretman, pi fò moun pa simaye jèm Tibèkiloz. Doktè w la ap di w ki lè sa pa genyen danje si w pase tan ak zanmi w oubyen fanmi w. Pi fò moun k'ap pran medikaman kont Tibèkiloz ap viv lakay yo epi y'ale travay. Sepandan, kontinye pran medikaman w yo. Si w pa pran yo, ou kapab kòmanse simaye jèm Tibèkiloz ankò.

Èske Depatman Lasante kapab ede m' avèk Tibèkiloz?

Wi. Nou genyen 10 klinik ki ofri sèvis kont Tibèkiloz.

Nan klinik nou yo ou pa bezwen asirans sante. Tout sèvis yo gratis. Ou pa bezwen enkyete w pou kesyon imigrasyon. Pèsonn p'ap poze w kesyon sou estati w. Klinik nou yo bay bon jan kalite swen. Pèsònèl nou yo pale plizyè lang. Nou kapab reponn kesyon ou genyen sou Tibèkiloz. Nou kapab geri Tibèkiloz.